УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм
жэпуэгъуэм (октябрым)
и 12 лъандэрэ къыдокI

№18
(13978)

Черкес хэку

2025 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 13, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Пшыхьым къикIыу

ЩIыхьыщIэ лъагэхэмкIэ

Черкесск къалэм щэнхабзэмкIэ и уардэ Унэм бзылъхугъэхэм я Лъэпкъыбэ Махуэр щагъэлъэпIащ.

ГуфIэгъуэ пшыхьым хэтащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, хэгъуэгум и Правительствэм и лIыщхьэ Аргун Мурат, Урысей Федерацэм и сенатор Къэзэнокъуэ Кърым, Къэрал Думэм и депутат Узденов Солтан, КъЧР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Макоев Тимур, къалэхэм, районхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, мы махуэм ягъэлъэпIа бзылъхугъэхэр, хьэщIэхэмрэ къалэдэсхэмрэ.

Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид къыбгъэдэкIа хъуэхъу — зыхуэгъэзэныгъэр пшыхьым щигъэIуащ Парламентым и спикерым. А къэпсэлъэныгъэм къыхэщащ гъащIэ къекIуэкIым бзылъхугъэхэм ялэжь Iуэхушхуэхэр, жылагъуэм сэбэп къызэрыхуахьыр, республикэм щыпсэу лъэпкъхэр бзылъхугъэхэм я гуащIэм зэрыригушхуэр.

— Ди щхьэр ину дагъэлъагъу Къэрэшей-Черкесым и беягъ нэхъыщхьэу тлъытэ ди бзылъхугъэ гуакIуэхэм, гурыхуэхэм, гъащIэм и лъэныкъуэу хъуам зи гуащIэ ин хэзылъхьэхэм, а псом къадэкIуэуи, унагъуэ жьэгум и хъумакIуэ нэхъыщхьэу къытхэтхэм, ди бынхэр хэкупсэ-лъэпкъыпсэу зыпIхэм, зыгъасэхэм.

ФIыщIэ ин фхудощI ди республикэм зиужьынымрэ ефIэкIуэнымрэ папщIэ хуэфщI хэлъхьэныгъэ иным и щIыхькIэ.

Къыхэгъэщыпхъэщи, ди хэгъуэгум деж гулъытэ хэха щагъуэт анагъэм, сабиигъуэр хъумэным, щыдогъэзащIэ материальнэ дэIэпыкъуныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэщ, хуэгъэкIуэтэныгъэхэр, пособэхэр, ахъшэ гуэдзэхэр, сабий куэд зыщIэс унагъуэхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуныр...

Шэч хэмылъу, а лэжьыгъэм дяпэкIи зиубгъунущ, ди пщэрылъ пажэхэм ящыщуи щытынущ. Абы и щIыхькIэщ мы илъэсыр демографие зыужьыныгъэм щIытедухуар, — къыхэщащ хъуэхъум.

КъыкIэлъыкIуэуи, Парламентым и тхьэмадэм къэрал щIыхьыщIэ лъагэхэр яхуигъэфэщащ зи гуащIэкIэ къыхэща, лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм телажьэ бзылъхугъэхэм.

Гуапэ зэрытщыхъуну, Урысей Федерацэм и Президентым и УнафэкIэ, «Заслуженный работник здравоохранения Российской Федерации» щIыхь нагъыщэ лъагэмкIэ и цIэр кърaIуащ медицинэ лэжьакIуэ АШЫБОКЪУЭ Гуащэмыдэ *(сурэтым щыволъагъу)*.

КъинэмыщIауэ, КъЧР-м и Iэтащхьэм и УнафэкIэ, мы махуэм ди хэгъуэгум щыщ бзылъхугъэ 19-м къэрал нагъыщэхэр къыхуагъэфэщащ.

МахуэщIыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ.

ЩОХЪУЖЬ Люсанэ

СВО — фондым и лэжьыгъэр

Щапхъэгъэлъагъуэ

УФ-м и Президент Путин Владимир яIущIащ «Защитники Отечества» фондым хэт бзылъхугъэхэм. ЗэIущIэм хэтащ КъЧР-м щыIэ фондым и къудамэм щыщ, социальнэ унэтIакIуэ, СВО-м и ветеран Тохчуковэ Ася.

Ася зауэ операцэ хэхам медсестрауэ щыIащ. И щхьэгъусэ Тохчуков Тимур СВО-р зэрыщIидзэу хыхьащ.

«Зэщхьэгъусэхэм сабииплI япI. Шэч къытесхьэкъым анэ-адэм я щапхъэм щIапIыкI быным Хэкур, республикэр фIыуэ лъагъун, хэкупсагъэ, Хэку къалэн гъэсэныгъэр зэрыхалъхьэм!» — ТГ каналым щитхащ хэгъуэгум и Iэтащхьэм.

МРОТ

НэIэм щIэмыт, щIэмытха гуащIэдэкIым пэщIэтынымкIэ къулыкъузэпх комиссэм и зэIущIэ КъЧР-м и Правительствэм щекIуэкIащ.

ГуащIэдэкIыр

Абы къриубыдэу къаIэта упщIэхэм ящыщщ хэгъуэгум щагъэува лэжьапщIэ нэхъ мащIэм (МРОТ) икIэ къакIуэ улахуэ лэжьапIэтым имытыныр, сатум, хуэIухуэщIэхэм епха лэжьыгъэ зыхьхэм гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэхэр ядэщIыныр, гуащIэдэкI нэIэм щIэтыныр.

Гулъытэ хэха иригъэгъуэтащ улахуэ нэхъ мащIэм икIэ къакIуэ зыту яубзыхуа лэжьапIэтхэм.

Ди корр.

СВО — щIыхь нагъыщэ

Хэлъхьэныгъэр къыхалъытащ

Зауэ операцэ хэхар зэрыщIидзэрэ Хьэбэз районым зэпымыууэ щолажьэ «Родные сердца» зи фIэщыгъэцIэ волонтер гупыр. Абыхэм тхьэмахуэ къэс ди зауэлIхэм хурагъашэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэ, я нэIэм щIагъэтщ ди лъэпкъэгъухэр зэуапIэм нэхъ зыхуэныкъуэр, зыщIэлъэIур.

Абыхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм, къинэмыщIауэ, СВО-м хэт ди щIалэхэм я Iуэхур зыIутым сыт щыгъуи щыгъуазэщ Хьэбэз муниципальнэ район администрацэм и Iэтащхьэ Жу Тимур. И пэжыпIэкIэ, районым а лъэныкъуэмкIэ щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхугъуэми и нэIэ тригъэтщ, зауэлIхэм зэпыщIэныгъэр ядиIыгъщ.

А псори къыхалъытэкIэрэ, «За содействие специальной военной операции» медалыр Тимур къыхуагъэфэщащ. Ар къритащ СВО-м хэт Быж Руслан.

Район администрацэм и Iэтащхьэм къыхуащIа гулъытэр и гуапэ хъуащ икIи районым щрагъэкIуэкI лэжьыгъэр зэрызэпымыууну къыхигъэщащ:

— Ди зауэлIхэм дадэIэпыкъуныр — псоми ди зэхуэдэ къалэнщ. Мы нагъыщэр си щхьэ закъуэу слъытэкъым зыхуагъэфэщар, атIэ зэрырайону хуащIа уасэщ. Районым щыпсэу дэтхэнэри СВО-м и япэ махуэм щегъэжьауэ ди зауэлIхэм дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъуным хущIэкъуащ. Абыхэм дадэIэпыкъукIэрэ, ди щхьэкIэ нэхъыфI дохъу, псоми ди плъапIэ ТекIуэныгъэр къыдогъэгъунэгъу! — фIыщэ псалъэ пэджэжым щыжиIащ Жу Тимур.

Зыгъэхьэзырар АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэщ

СВО — гулъытэ

«Москва – Великий Устюг – Кострома» гъуэгумкIэ щIымахуэ зекIуэ щыIащ Къэрэшей-Черкесым щыщу зауэ операцэ хэхам хэтхэм я унагъуэхэмрэ зауэ Iуэхухэм я ветеранхэмрэ.

Я нэгу зрагъэужьу

Ди хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и пщэрылъкIэ, СВО-м щыIэ нэрыбгищым я унагъуэ бынybэхэр, зэхэуэ гуащIэм хэкIуэда сэлэтым и унагъуэри яхэту, «Дыдейхэр хыфIэддзэкъым» социально-хэкупсэ проектым и фIыщIэкIэ, нэгузыужь ежьэну я насып къихьащ.

Дауэдапщэр къызэрагъэпэщащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондымрэ «РЖД-Тур» ООО-мрэ я дэIэпыкъуныгъэкIэ.

Гъатхэпэм и 3-5 махуэхэм къриубыдэу зекIуэм щыIа унагъуэхэм «ЩIымахуэ псысэ» программэм яфIэгъэщIэгъуэну хэтащ, Москваи, Великий Устюги, Костромаи къызэхакIухьащ.

КъЧР-м гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэкIэ и Министерствэмрэ «Куда едем?» зи фIэщыгъэцIэ турист фирмэмрэ я пщэ илъащ Черкесск икIыу Москва кIуэ-къэкIуэж транспорт тынш къызэгъэпэщыныр, унагъуэхэм ялъэгъуамрэ здэщыIамрэ гуимыхуж зэращыхъунум икIи щIэ гуэр къызэращIэфынум хуэдэу.

Мы ежьэгъуэр щапхъэфI ирокъу къулыкъущIэхэм я унагъуэхэмрэ зауэ Iуэхухэм я ветеранхэмрэ гулъытэ нэс зэрырагъэгъуэтымкIэ. Зэгъусэу къэрал унафэщI къулыкъухэм, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондымрэ мыкъэрал организацэхэмрэ ирагъэкIуэкIа мы лэжьыгъэм адэкIи пащэнущ.

Ди корр.

Фэеплъ

СВО - хэкупсагъэ

Гъатхэпэм и 6-м Беслъэней къуажэм фэеплъ пэкIу щызэхэтащ, зауэ операцэ хэхам зи къулыкъу пщэрылъ щызыгъэзащIэу хэкIуэда КЪАРДЭН Рустам, МЫРЗЕЙ Мухьэмэд, ЕМЗЭГЪ Рэмэзан, УНЭЖХЭ Аслъэн, Ислъам, Щэмил сымэ я цIэкIэ. Зи псэугъуэ дахэу, игъуэнэмысу адыгэ лъэпкъым тхэкIыжа щIалихри я псэ пытыхун тетащ къыхаха зауэлI гъуэгум, щыпкъэу, хахуэу ягъэзэщIащ Хэкум къахуигъэува къалэнхэр.

«Тщыгъупщэкъым, дрогушхуэ!»

Ленинград блокадэм къыдаша сабийхэр беслъэнейдэсхэм къызэрырагъэлламрэ зэрапIамрэ папщIэ къуажэкум деж адыгэ анэм и фэеплъу щыт мывэ сыным и пащхьэм фэеплъ пхъэбгъу къызэриувар плъагъуныр гуузщ. Абы ди лъэпкъэгъу щIалэхэм я сурэтхэр тетщ зауэлI фащэхэр ящыгъыу, илъащIэкIэ я цIэхэр, къалъэща къэрал зауэ нагъыщэхэр къыхэIущIыкIащ.

Беслъэнейдэсхэм я гуауэр дагуэшыну, зауэм хэкIуэдахэм пщIэ хуащIыну пэкIум къеблэгъащ УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым Къэрэшей-Черкесым къыбгъэдэкIыу хэт сенатор Къэзэнокъуэ Кърым, КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Астэжь Францескэ, Хьэбэз муниципальнэ район администрацэм и Iэтащхьэ Жу Тимур, хэгъуэгум и военком Белобородов Сергей, Беслъэней къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Тхьэгъэпсэу Гарри, къуажэм и Iэтащхьэ ЗекIуэ Мухьэмэд сымэ.

Къуажэм и Iимам Чырбыж Мухьэмэд къызэхуэсахэм дыуэ яригъэщIа нэужь, фэеплъ пхъэбгъур къызэIухынымкIэ щIыхь зыпылъ къалэныр хуагъэфэщащ Къэзэнокъуэ Кърым, Астэжь Францескэ, Жу Тимур, ЗекIуэ Мухьэмэд сымэ.

А махуэм и нэпс къемыкIуауэ зы нэрыбги плъагъунутэкъым, зи бын зыфIэкIуэдахэрати, къалъэIэса гуIэгъуэм и нэщIэбжьэ дэхыгъуейр я нэгум къызэрищыр щалъагъукIэ, нэгъуэщI щIыпIэ къикIахэр, яхуэмышэчу, ягу къызэфIэзэрыхьурэ IукIуэтт.

ЗэуапIэм зи гъащIэр щызыта ди щIалэхэм я унагъуэхэр, Iыхьлыхэр, хьэблэгъухэр, ныбжьэгъухэр пэкIум и хьэщIэ нэхъ лъапIэу щытащ. Мы фэеплъ пхъэбгъур здэщыт щIыпIэр абыхэм я дежкIэ уасэ зимыIэщ, ар Хэкум и хьисэпхэм щIэбэну зи щхьэ зыгъэтIылъа я къуэхэм, щхьэгъусэхэм, къуэшхэм яхэлъа лIыгъэм теухуа гукъэкIыжхэр къыздыпхуэушыжщ. Шэч хэлъкъым, мы щIыпIэр къуажэдэсхэм тхьэелъэIупIэ зэрахуэхъунум, быным хуащI фIылъагъуныгъэмрэ хуаIэ гушхуэныгъэмрэ яхуихъумэу.

— Къэралри республикэри Беслъэней щыщ ди щIалэхэм ирогушхуэ лIыгъэшхуэ зэрахьэу зауэ операцэ хэхам зэрыщыIам папщIэ. Хуабжьу дигу къоуэ я унагъуэхэм псэууэ къызэримыхьэжар, ар дэркIэ хэщIыныгъэшхуэщ. Ди хэгъуэгум щыщ адыгэхэм нобэ щхьэIэтыгъуэ драгъахуэ Урысей Федерацэр зыхэхуа гузэвэгъуэм — СВО-м къулыкъу щызыхь зауэлI пэрыту зэрыщытхэм папщIэ. Зи Хэку зыхъумэжыфхэр диIэну дыхуеймэ, дяпэ къытщIэтэджэну щIэблэхэр абыхэм ядэплъейуэ дгъэсэн хуейщ, — жиIащ Жу Тимур къыщыпсалъэм.

Къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымри, фэеплъ пхъэбгъум и лъабжьэм удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ, иужьым щэнхабзэмкIэ Унэм псори ирагъэблагъэри, зауэлIхэм ятеухуауэ ягъэхьэзыра нэтын гуапэм ирагъэплъащ.

<u>**Унэж Эммэ:**</u> *«Рустам щIалэ Iущ цIыкIуу, гужьыдэгъэкIыу щытащ. А здэкIуам зы фIы гуэр щыIэмэ, Тхьэм къылъигъэс. Псори дыхуэарэзыщ. Зауэ операцэ хэхам дымыцIыхуу кIуэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, и гъащIэр къызэпыуда хъуащ. Езыми, адрей хэкIуэдахэми жэнэтыр увыIэпIэ яхурехъу. Уэ ди Тхьэ, мы зауэр щIэх егъэухи, зи бын лъэужьыншэу къэнахэми фIыкIэ ягъэIуэтэж, дэ дызэрыгуIэм хуэдэу умыгъэгуIэу я пащхьэ къишэж».*

<u>**Мырзей СулътIан:**</u> *«Мухьэмэд си шынэхъыжьым и щIалэщ. Сабий IэфIу диIащ. Гум хыхьэпащ зауэм зэрыхэкIуэдар. Псоми зэращхьэпэнрат зэригъэзахуэр, гурыхуэт, жыджэрт, къызыхэкIа лIакъуэм и фIыр япэ иригъэщт, и унагъуэр, и ныбжьэгъухэр игъэгушхуэт, абыхэм гуапэу яхущытт».*

<u>**Унэж Мухьэдин:**</u> *«Аслъэн щыцIыкIу лъандэрэ жыIэщIэу, гулъытэ иIэу къэхъуащ. Зи, и Iэпкълъэпкъыр псыхьынымрэ тхылъ еджэнымрэ фIэкIа и Iуэхутэкъым. Сыт хуэдэ темэ къомыгъэхъейми, узэреупщIам и жэуап къыуитыфынут. «Дадэ, сыткIэ сыпщхьэпэну, сыткIэ сыбдэIэпыкъуну» жиIэу ди адэ тхьэмыщкIэм и ужь итт.*

<u>**Унэж Умар:**</u> *«Си адэ Унэж Ислъам цIыху щабэт икIи хахуагъэ зыхэлът. Аращ ар Хэкум ифI ихъумэн папщIэ зауэ операцэ хэхам щIыхьыхьар. Донецк лъэныкъуэмкIэ щыIащ 2024 гъэм и щIышылэ мазэм щегъэжьауэ. Сэ сощIэж, гъуэгу техьэн ипэ, быным зыкъытхуигъазэу къыджиIа псалъэхэр: «Фымышынэ, псори хъарзынэщ, фи анэр зэрыфхъумэным фыпылъ». Зы пщэдджыжьи дэкIтэкъым къысхуимытхыу».*

<u>**Уэхъутэ Фатимэ:**</u> *«Унэж Щэмил си дэлъхум и къуэщ. Ди деж къакIуэ зэпыту, Iуэхугъуэ гуэр къэтIэтмэ, зыкъытщIимыгъакъуэу къанэтэкъым. Курыт, ищхьэ еджапIэхэр ехъулIэныгъэ иIэу къиухащ. СВО-м добровол ецу кIуауэ зэрыжаIэр щызэхэтхым, Тхьэм делъэIуащ узыншэу къытхуихьыжыну, арщхьэкIэ, хъуакъым, мазэ заул нэхъ темыкIауэ ди сабийр хэкIуэдащ».*

<u>**Емзэгъ Зуридэ:**</u> *«Рэмэзан и гугъу пщIы пэтми пхуэухынкъым абы и щIалэфIагъыу щытар, цIыхугъэу хэлъар. Езыр адэ-анэкIи, Iыхьлы-IэулэдкIи, ныбжьэгъукIи фIыт. И бынкIэ, и щхьэгъусэкIэ абы хуэдэ щыIакъым жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Зы махуэ гуэрым хъыршын згъажьэу хьэкум сыздыкIэрытым, сигу кърИдзащ: «Мыр Рэмэзан къытехуэу ишхамэ аратэкъэ». Ар жысIа къудейуэ, «Ей!» жэуэ зыгуэр къызгуоуащ, сыкъызэплъэкIамэ, Рэмэзан бжэщхьэIум тетщ. Си гум зиIэту, сыгуфIэу езгъэблагъэри, анэм быныр зэригъашхэм хуэдэу згъэхьэщIащ. Сщымыгъупщэжын гукъэкIыж къысхуигъэнащ, Тхьэм здэкIуам щигъэтынш».*

Мы зэкIэлъыкIуэу къеттхэкIа гукъэкIыж псалъэхэр Беслъэней къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм и лэжьакIуэхэм зэхагъэува нэтыным къитхащ. Фэеплъ пхъэбгъум тет щIалэхэм ятеухуауэ Iыхьлыхэм жаIэжым уи гу лъащIэр ехуз, гъащIэм и кIэщIагъыр нэхъ быдэу зыхыуегъащIэ, фIы щIэным, зэхуэгумэщIэным укъыхуреджэ...

ЛЫХЬ Тимур

СВО-дэІэпыкъуныгъэ — "СВОих не бросаем"

Зы мурад — зы текІуэныгъэ

«Зыуэ щыт Урысей» жылагъуэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ Штабымрэ «Знание» урысей зэгухьэныгъэмрэ «Знание. Герои. Одна цель — одна победа: роль каждого в спецоперации» форумым и къыкІэлъыкІуэ Іыхьэ ирагъэкІуэкІащ.

Абы хэтащ партым и хэгъуэгу къудамэм и унафэщІхэр, Къэрэшей-Черкесым и ЦІыхубэ ЗэІущІэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, абы и къуэдзэ Чеккуев Хъызыр, республикэм и Іэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщІым и япэ къуэдзэ Хубиев Марат, «Зыуэ щыт» хэгъуэгу партым и исполкомым и унафэщІ Джамбаев Руслан, УФ-м и Къэрал Думэм ди хэгъуэгум къыбгъэдэкІыу хэт сенатор Узденов Солтан, СВО-м и ветеранхэм я ассоциацэм и унафэщІ Мутчаев Дахир, «Знание» урысей зэгухьэныгъэм КъЧР-м щиІэ и къудамэм и унафэщІ Болатов Артур, «Народный фронт За Россию» хэгъуэгу исполкомым и пашэ Каппушевэ Людмилэ, щІалэгъуалэр зауэ-хэкупсэ-псэкупсэу гъэсэнымкІэ «АВАНГАРД» купсэм и унафэщІ, майор Баев Уэсмэн, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъу фондхэр, апхуэдэ жэрдэм къызыбгъэдэкІ гупхэр.

Форумым хэтахэр тепсэлъыхьащ нобэ Хэкум и хьэлэмэтхэр зезыхуэ ди зауэлІхэм, ди щІыналъэм икІауэ зауэ операцэ хэхам хэт ди щІалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защІэгъэкъуэнымкІэ ди хэгъуэгум щылажьэ программэхэм, абыхэм яхуэгъэзауэ щыІэ хуэгъэкІуэтэныгъэхэмрэ Іэмал зэхуэмыдэхэмрэ. Къытепсэлъыхьахэщ а лъэныкъуэмкІэ дэтхэнэми илэжь Іуэхугъуэхэм.

— Ди щІалэхэм текІуэныгъэр яІэрылъхьэу, узыншэу къагъэзэжынымкІэ дапоплъэ. Зауэ операцэ хэхар зэрыщІидзэрэ Урысей Уардэр абыхэм я щІыбагъ зэрыдэтыр, цІыхухэр зы унагъуэм хуэдэу, быдэу зэкъуэувауэ щІэгъэкъуэн зэрыхъур захыдогъащІэ. Абы папщІэ тлъэкІ къэдгъанэкъым. А Іуэхум адэкІи пытщэнущ. МыдэкІэ къэна я унагъуэхэри зэрамызакъуэр, абыхэм сыт и лъэныкъуэкІи тыншыгъуэрэ щІэгъэкъуэнрэ зэралъыдгъэсыным дыхэщІокъу. Федеральнэ Іэмалхэм къинэмыщІауэ, ди республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рэшид и фІыгъэкІэ, и жэрдэмкІэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэхэр къэдгъэщІащ. Ахэр 49-рэ мэхъу, — жиІащ Иванов Александр.

Абы и псалъэхэр щІагъэбыдэжу, зыпэрыт лэжьыгъэм елъытауэ, дэтхэнэри дэІэпыкъуэгъу зэрыхъу щІыкІэхэм, текІуэныгъэр къэгъунэгъуным хуищІ хэлъхьэныгъэм къытепсэлъыхьащ. Къэпсэлъахэм къыхагъэщар ди щІалэхэм узыншэу, текІуэныгъэр я Іэрылъхьэу къагъэзэжынымкІэ зэрапэплъэращ.

Иужькіэ, форумым ипкъ иту, Іэщэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ екІуэкІащ, автоматхэр псынщІэу зэпкърыхыныжрэ зэпкърылъхьэжынымрэкІэ мастер-классхэр къызэрагъэпэщащ.

ЗэІущІэм и кІэм форумым хэтахэм ди зауэлІхэм письмо хуатхащ. Хэкум и хъумакІуэм и Илъэсымрэ Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 щрикъу гъэмрэ абыхэм я къулыкъум, зауэ операцэ хэхам щызэрахьэ лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраІэр къыхагъэщу зыхуагъэзащ я щхьэ яхъумэжыну, узыншэу я унагъуэхэм яхыхьэжыну!

ДЗЭМЫХЬ Маринэ

Черкесск къалэр илъэс 200 щрикъум

ЧЕРКЕССК къалэм и щІыхькІэ

«Это было в Черкесске» тхылъыр зи Іэдакъэм къыщІэкІа Михайлов Игорь республикэ къалащхьэм и еджакІуэхэм яІущІащ Черкесск дэт е 19-нэ гимназием и хэщІапІэм. ТхакІуэр къытепсэлъыхьащ тхылъым и къежьапІэ хъуам, ар зэрызэхигъэувам, абы ит тхыгъэхэр зэрызэхуихьэсам.

ЗэІущІэм къеблэгъащ КъЧР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ Ляшовэ Еленэ, Николай Чудотворец и члисэм и динырылажьэ Гурин Александр, къалэ думэм и депутат Дзугаев Альберт, Черкесск къалэм и ветеранхэм я Советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Апсэ Альберт, егъэджакІуэхэмрэ класс нэхъыжьхэм я еджакІуэхэмрэ.

Къэрэшей-Черкесым и къалащхьэм и тхыдэм теуха мы тхылъыр илъэситкІэ узэІэбэкІыжмэ дунейм къытехьауэ щытащ. Урысейм и журналистхэм я Союзым хэт, Черкесск къалэ думэм и депутат, щІэныгъэхэм я кандидат Михайлов Игорь мы тхылъыр зэхэгъэувэным илъэсихкІэ елэжьащ. Абы къыщигъэлъэгъуащ республикэ къалащхьэр къыщагъэщІам щыщІэдзауэ, ХХ лІыщІыкъым, пэжыгъэ зыхэлъ защІэщ. Тхылъым лъабжьэ хуэхъуащ ди хэкуэгъухэм я гукъэкІыжхэр, къалэм щыпсэуа си адэ-анэри яхэту. Абыхэм я гукъэкІыжхэр архив тхыгъэхэмкІэ щІэзгъэбыдэжыным селІэлІащ. Зэрыщыт дыдэм хуэдэу Черкесск къыщыхъуахэр къызэрысІуэтэным сыпылъащ, — ядэгуэшащ авторыр щІалэгъуалэм.

Михайлов Игорь еджакІуэхэм къахутепсэлъыхьащ тхылъым къыщыхьа тхыдэм и Іыхьэ куэдым. Къалэм и фІэщыгъэцІэм и къежьапІэми, абы зэрызихъуэжами, Хэку зауэшхуэр абы зэрыщекІуэкІами я гугъу ищІащ. Къинэмыщlауэ, мыбы ипэкІэ итха «160 дней по германскому времени» тхылъми еджакІуэхэр нэІуасэ хуищІащ. Ар теухуащ Черкесск къалэм нэмыцэхэр къызэребгъэрыкІуам.

А махуэм ныбжьыщІэхэм зэхахар зэрафІэгъэщІэгъуэным шэч къытрыуигъыхьэтэкъым тхакІуэм упщІэ куэд зэрыратам.

Михайлов Игорь и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ укъызыщалъхуа щІыпІэм и тхыдэр умыцІыхуу, ар фІыуэ умылъагъуу хэкупсагъэр къызэрыпхуэмыгъэушынур. Тхылъым и мыхьэнэри араш — къытщІэхъуэ щІэблэм къызыщалъхуа хэку цІыкІум и тхыдэм щыгъуазэ щІынращ.

Тхылъыр зы мин хъуэ къыдэкІат, икІи ахэр зэбграхагъэххэщ. НобэкІэ ар щыбгъуэтынущ библиотекэхэм, краеведческэ музейм. ЕджакІуэхэмрэ студентхэмрэ ар хуабжьу къащхьэпэнущ. Мы илъэсым авторым и мурадщ тхылъыр электроннэ щытыкІэм иту дунейм къытригъэхьэну.

ЗэІущІэм и кІэм авторым и Іэпэ зыщІэлъ зы тхылъыр иратащ Черкесск къалэм япэ дыдэу зэрихьа фІэщыгъэцІэр къэзыцІыхуа, е 6-нэ еджапІэм и еджакІуэм.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

Текlуэныгъэм и Илъэс 80-м

Яхуэфащэ гулъытэр

Хьэбзэ районым щрагъэжьащ «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъуам папщІэ» юбилей медалыр тылым щылэжьахэм ятыныр. Районым, къуажэхэм я унафэщІхэр ди нэхъыжьыфІхэм я унагъуэхэм еблагъэурэ, гуфІэгъуэ дауэдапщэм щІэту, медалхэр хуагъэфэщащ.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир а медалыр игъэбелджылащ зауэм и ветеранхэм зэрахьа лІыгъэм, гуеигъэм, хахуагъэм папщІэ пщІэрэ фІыщІэрэ яхуищІкІэрэ.

Апхуэдэ медалыр Хьэбзэ районым щыпсэу, тылым псэемыблэжу щылэжьа нэрыбгэ 35-м хуагъэфэщащ.

«ТекІуэныгъэ Иныр къэгъэблэгъэным хуэфщІа хэлъхьэныгъэшхуэмрэ цІыхухэр гъэунэхуныгъэ хьэлъэ дыдэм щрагъэхуа илъэсхэм зэпІэзэрытыныгъэр къызэрывгъэлъэгъуам папщІэ фІыщІэ фхудощІ. Фэ фронтым Іутхэм я щІэгъэкъуэнрэ я гугъапІэу фыщытащ, заводхэм, губгъуэхэм фыщылэжьащ, сыт хуэдэ гугъуехьри къызэвнэкІащ. Фи псэемыблэж егугъуныгъэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ ди ТекІуэныгъэм и лъабжьэ хъуащ, икІи фи лІыхъужьыгъэр зэи дигухэм ихунукъым.

Фи ныбжьхэм я фІыгъэкІэ, ди къэралыр зэфІэдгъэувэжащ, мамырыгъэмрэ хуитыныгъэмрэ хэпсэукІынымкІэ лъэкІыныгъэ игъуэтащ.

Ди щхьэр ину худогъэщхъ фи лІыгъэм. Фи пщІэмрэ щІыхьымрэ цІыхум я гум сыт щыгъуи илъыну!» — ди нэхъыжьхэм яхъуэхъуащ районым и унафэщІхэр.

Зыгъэхьэзырар ЕЗАУЭ Маринэщ

Гепатит С-м, СПИД-м, уз зэрыщІалэхэм пэщІэту

Уз зэрыщІалэм зыщыфхъумэ

Гепатит С-р тхьэмщІыгъум хыхьа уз зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщ. Ар цІыху Іэпкълъэпкъым хохьэ лъымкІэ. Узыр лІэужьыгъуитІу зэщхьэщыхуащ — къызэщІэхъеяуэ щекІуэкІ, ар уз гъэтІылъа щыхъум.

Къыщызэщlэятэр уз зэрыщІалэр лъым хыхьа нэужь япэ илъэс ныкъуэращ. Иужькlэ, ар хэтІэса мэхъу. Уз зэрыщІалэр цІыхум къыхуинэмэ абы кІыхьлІыхь щохъу. Иужькlэ нэхъри хэужьыныхьу тхьэмщІыгъур цирроз хъункІэ, лышх къыхыхьэнкІэ шынагъуэщ.

Урысейм деж цІыху мелуани 5-м нэс а уз зэрыщІалэр яхэтщ. Абыхэм ящыщ куэдым гу лъатэкъым уз зэрыщІалэр къахыхьауэ, сымаджэуи забжыжкъым. Ауэ, ар уз зэрыщІалэ хьэлъэхэм хабжэ. Гепатит С-р зэрышынагъуэм, а уз зэрыщІалэм и нэщэнэм, абы узэреІэзэну щІыкІэм къытепсэлъыхьащ республикэм уз зэрыщІалэхэмкІэ сымаджэщым икІи СПИД-р къэмыгъэхъунымрэ пэщІэтынымрэкІэ Купсэм и дохутыр нэхъыщхьэ РТИЩЕВЭ Людмилэ.

— Дауэ а узыфэр цІыхум зэрыхуэкІуэр?

— Гепатит С-р къызэузым и лъыр нэгъуэщІ узыншэм и Іэпкълъэпкъым хыхьэмэ уз зэрыщІалэм зэщІещтэ. Нэхъыбэу уз зэрыщІалэр зэрызэІэпахыр афиянафэхэм зы шрипкыр, е нэгъуэщІ Іэмэпсымэ гуэр къызэдагъэсэбэпмэщ. Къинэмыщlауэ, медицинэ Іэмэпсымэ мыкъабзэхэм я зэранкІэ, анэ сымаджэм сабий къыщыхуэхъукІэ узыр яхуэкІуэфынущ.

ЩІыфэм сурэт (тату) щытращІыхькІэ, е тхьэгъу (пирсинг) щралъхьэкІэ, ахэр зэрыІэбэ Іэмэпсымэхэр нэгъэсауэ мыкъабзэмэ, ари шынагъуэщ.

Гъудэ къодзакъэкІи, зэрышхэ Іэмэпсымэхэмкlи абы зиубгъукъым.

— А узыр хуэкІуэнымкІэ шынагъуэ хэт нэхъ зыбгъэдэлъыр?

— ЩыІэщ цІыху щхьэхуэхэр ар яхуэкІуэнкІэ нэхъ шынагъуэу. Абы хохьэ мастэ зыхэзылъхьэ афиянафэхэр, донору лъыр зыхухалъхьэхэр, зи пэ, зи Іупэ, нэгъуэщІ Іэпкълъэпкъ пкъыгъуэхэм тхьэгъу изылъхьэхэр, уз зэрыщІалэр здэщыІэ Іуэхущlапlэхэм щылажьэ медицинэм и лэжьакІуэхэр, ВИЧ уз зэрыщІалэр къызэузхэр, анэ сымаджэм къилъхуа сабийхэр. Ауэ, мыбдеж жыІэпхъэщи, лъэщыджэ хъуам гепатит уз зэрыщІалэр къеузмэ, ар сабийм щыхуэкІуэр мащІэ дыдэщ — къэхъугъищэм дежи плІыращ.

— Сыт хуэдэ нэщэнэ иІэ гепатит С-м?

— А уз зэрыщІалэр зиІэхэм ящыщу процент 70-80-м дежи узым зыкъыуимыгъащІэу йокІуэкІ. Ар зиІэхэм зыхащІэнкІэ мэхъу техьэгъуэ, къаруушэ хъуауэ, я шхэн къэмыкІуэу, я гур мейуэ, я ныбэ узу. Гъутхьэпсыр фІыцІафэу, къыдэхыр хужьыфэу щыщыт, я нэ кугъуэхэмрэ я щІыфэмрэ гъуэжьыфэ къыщытеуэ щыІэщ.

Апхуэдэ щытыкІэхэри щызыхащІэр уз зэрыщІалэр цІыху Іэпкълъэпкъым хыхьа нэужь тхьэмахуи 6-7 текІа нэужьщ.

Ауэ, ипэкІэ зэрыжысІауэ, и нэхъыбэм уз зэрыщІалэр зыхащІэкъым. Апхуэдэу зэманыфІ текІыфынущ, иужькІэ, и тхьэмщІыгъум дагъуэ зэриІэм гу лъитэху.

— Дауэ зэреІэзэнур гепатитым?

— Гепатит С уз зэрыщІалэр къыщІэгъэщынымкІэ лъым и къэхутэныгъэ лІэужьыгъуэ зыбжанэ щыІэщ. Зым къыщІегъэщ цІыхум ар къеузагъэххэмэ, адрейм иджыпсту зэманым къеузмэ, ещанэ лІэужьыгъуэм а узым пэщІэтынымкІэ Іэпкълъэпкъым хэлъ пкъыгъуэхэр къегъэлъагъуэ.

Уз зэрыщІалэр ягъэхъуж вирусым пэщІэт хущхъуэхэмкІэ. Языныкъуэм ар уз гъэтІылъауэ, цІыхум къемыныкъуэкъуу къыхуонэ. Жагъуэ зэрыхъущи, а уз зэрыщІалэр зэрыщыту лъым хэзыгъэкІуэдыкІ Іэмал къагъуэтакъым. Абы къыхэкІыу ар зиІэ цІыхум лъыр донору ирагъэткъым. Уз зэрыщІалэр гъэтІылъауэ зиІэхэм пІалъэ-пІалъэкІэ тхьэмщІыгъум и щытыкІэм кІэлъагъэплъыпхъэщ. Фадэм хуэсакъын, нэгъуэщІ хущхъуэ гуэрхэм ефэн хуеймэ дохутырхэм ячэнджэщу щытын хуейщ.

— Гепатит С-м ущызыхъумэн вакцинэ щыІэу пІэрэ?

— Иджыпстукlэ вакцинэу щыІэр гепатит А-м, гепатит В-м пэщІэтхэращ. Ауэ щІэныгъэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр йокІуэкІри, Іуэхум дяпэкІэ зихъуэжыну дыщогугъ.

Гепатитым и пкъыгъуэхэр къыфхуагъуэтауэ щытмэ, Іэмал имыІэу фызыщыпсэу щІыпІэм деж дохутыр инфекционистым зыхуэвгъэзэн хуейщ. Абы хуэныкъуэу щытмэ, «КЧРМКБ и ЦПБ со СПИДом» медицинэ Іуэхущlапlэм и зэІэзапІэ-къэхутэныгъэ къудамэм фаунэтІынущ.

Зыгъэхьэзырар АМИРОКЪУЭ Мадинэщ

Хьэкълыкъ къулыкъум къет

Мыхъей мылъкумкІэ

ФНС-м и сервисым къицІыхуфынущ мыхъей мылъкум ехьэлІауэ цІыхум иІэнкІэ хъуну хьэкълыкъ хуэгъэкІуэтэныгъэхэр зыхуэдэр.

Урысейм и цІыху гуп щхьэхуэхэм, физическэ цІыхухэм, мылъку хьэкълыкъымкІэ хуэгъэкІуэтэныгъэхэр яІэщ. Абы къикІыр аращи, хьэкълыкъыр нэхъ мащІэу итынымкІэ е имытыххэу щхьэщахынымкІэ хуитыныгъэ иІэщ. Апхуэдэ гупхэм хыхьэхэр:

* Унагъуэ быныбэхэр;
* Ныкъуэдыкъуагъ узыншагъэкІэ зытелъхэр;
* ЗауэлІхэр, военнэ къулыкъущІэхэр;
* Бын куэд зиІэ анэ-адэм языкъэзыр (ямей сабий зыпІхэри) е опекунхэр, апхуэдэ унагъуэм илъэс 18 иримыкъуа сабии 3 е нэхъыбэ щапІмэ, е очнэ щІыкІэу еджэу, и ныбжьыр илъэс 23-рэ мыхъуа, унагъуэ зымыщІа бын зиІэхэр;
* Зи узыншагъэкІэ ныкъуэдыкъуагъ зытелъ сабийм и анэр е и адэр;
* Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, зэхэуэ зэхуэмыдэхэм хэтахэр;
* МобилизацэкІэ зауэ къулыкъум дашахэр;
* КонтракткІэ СВО-м хыхьахэмрэ абыхэм я унагъуэхэм исхэмрэ.

Урысейм и ФНС-м и сайтым «Справочная информация о ставках и льготах по имущественным налогам» (clck.ru/3HDy7o) сервис иІэщ. Абы нэхъри тыншу зыщывгъэгъуэзэфынущ транспорт, щІыгу хьэкълыкъхэм, физическэ цІыхухэм я мылъкум ехьэлІа хьэкълыкъ хуэгъэкІуэтэныгъэхэм.

Къедбжэкlа гупхэм фахиубыдэ пэтми, хьэкълыкъ къыфтехуамэ, хуэгъэкІуэтэныгъэ зэрывиІэмкІэ фэр-фэру хьэкълыкъ къулыкъухэм хъыбар явгъащІэ. Абы папщІэ ирикъунущ сыт хуэдэ хьэкълыкъ къулыкъуми фыщІыхьэу лъэІу тхылърэ фи хуэгъэкІуэтэныгъэ хуитыныгъэр щІэзыгъэбыдэ дэфтэрхэмрэ щІэфлъхьэмэ.

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ

Турист хьэкълыкъыр

Клиентыр хьэщІэщым къемыкІуэлІамэ е бронировать ищІыну хуэмеймэ, турист хьэкълыкъ къытехуэрэ?

Турист хьэкълыкъ зытехуэу къалъытэр физическэ цІыхум пІалъэкІэ псэупІэ егъэгъуэтын хуэІухуэщІэращ.

Физическэ цІыхум, туристым псэупІэр бронировать ищІыну хуэмеямэ е хьэщІэщым къемыкІуэлІамэ, пІалъэ псэупІэкІэ къызэгъэпэщын хуэІухуэщІэр ирагъэгъуэткъым, турист хьэкълыкъи техуэкъым. Абы ипкъ иткІэрэ, турист хьэкълыкъ, и нэхъ мащІэ дыдэрами, хьэщІэщ номерыр нэщІу зэрыщытам папщІэ цІыхум ита уасэм турист хьэкълыкъ къыхагъэкІкъым. УФ-м и ФНС-м и унафэр зи лъабжьэ мы щытыкІэм щагъэгъуэзащ хэгъуэгу хьэкълыкъ къулыкъу псори.

ЛЫХЬ Тимур

ФIэхъус гуапэ фыдох, ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ къедгъэжьауэ "Черкес хэку" газетым къытыдодзэ Хэку зауэшхуэм щыгъуэ хъыбарыншэу кIуэдахэр къэлъыхъуэжынымкIэ адыгэм дипхъу щыпкъэ, Урысей Федерацэм и журналистхэм я Союзым хэт ХЬЭМЫКЪУЭ Жаннэ иригъэкIуэкI лъыхъуэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ къызэрымыкIуэр. Апхуэдэу, совет, нэмыцэ архивхэм хэлэжьыхьурэ, Жаннэ къелъыхъуэж зауэм щыгъуэ кIуэдауэ, иджырэ къыздэсым зи хъыбар ямыщIэхэм я кIэух хъуар. А лэжьыгъэм пыдощэж ди газет напэкIуэцIым дежь, ТекIуэныгъэм и Илъэс 80-м ипкъ иту, абы дыхуэкIуэкIэрэ. Адыгэхэр, абазэхэр къытытодзэ.

Гу лъывыдогъатэ икIи фигу къыдогъэкIыж! Тхыдэ дэфтэрхэр архивым зэрыхэлъ дыдэм хуэдэу фи пащхьэ идолъхьэ (щыуагъэхэр зэдмыгъэзэхуэжауэ). Абы къикIыр аращи, фи Iыхьлы-Iэулэд мы тхыгъэхэм къыщыхэвгъуэтамэ, Интернетым ит "ОБД Мемориал" сайтым деж абыхэм фызэрыщылъхъуэфынур дэ зэрыттха щIыкIэм хуэдэущ, щыуагъэр зэрыхэлъущ. Ар зыщывмыгъэгъупщэ!

УпщIэ зиIэр фыкъэпсалъэ "Черкес хэку" газетым.

"Хъыбарыншэу кIуэдащ" жыIэкIэр щыIэжын хуейкъым

АБАЗОВ Абдул Хамендтаявич - 1905 г.р., Став край, Черк.авт.обл., Хабизский район, аул Элбурган, призван Сталинским РВК, гор. Куйбышева, убит 23.06.; похоронен Витебская обл., Сиротинского района, деревня Паршино, могила №149. Жена Абазава Мамархан Шахиловна, (совет. архив.);

АВДОКОВ Умар Хаджив - 1905 г.р Ордженикидз кр., Черкасский авт.обл., Псаучедахе. Убит в бою, 11.12. 1942г., в районе Кречетово, Наурского района, похоронен Кречетово, Наурского района, Ордженикидз кр., жена Абдокова И.Н., (совет. архив);

АБИДОВ Назир красноармеец, автом, 606сп. Дата смерти 17.05., причина смерти сквозное пулевое ранение левого бедра, похоронен Чехословакия г.Брю, (совет. архив);

АБИДОКОП Мухамед Аслембеевич - 1908 г.р., Ордженикидз край, Хабезский район, убит 9.02.1942 г. при обороне 6 Федоровка, Ямского района, Сталинской области, мать Абидокоп Мумимат Якубовна, (совет. архив);

АБРАЮКОВ Зреджиб (Эреджиб) Хаджибекович - 1905 г.р., погиб в 1944 г., похоронен г. Туапсе, старое городское кладбище (совет. архив);

Авдоков Мутани Ходжиев - 1902 г.р., а. Теузан (Псауче-Дахе) призван Черкесским РВК, убит 29.03. 1942г., похоронен в тот же день в хуторе Павловка, жена Авдокова М. (совет. архив);

Агарджаков Хаджимурат Плисугович - 1906 г.р., рядовой, убит 25. 06. 1943 года, похоронен станица Неберджаевская (совет. архив);

АГАРЖАНОКОВ Худжислом Пигасович - 1906 г.р., аул Бесяан (Бес-леней), Черкасская обл., Иконхалковский р-н, убит 25.07.-1943 г., жена Маслимат Маховна (совет. архив);

АГОЕВ Хамид Татимович-1905 г.р., Черкесская АССР., Хабезский р-н., Кашхабовский с/с. (Кош-Хабль), убит 8.04.1944г., похоронен западнее в деревне Чортова гора, 300м 11 сокол. р.Калинин, о. бр.мл. №30, жена Марьям Агоева (совет. архив)

АГУЗОВ Сафарти Агурьевич - 1918 г. р., погиб 27.05.1943, похоронен Крымский, станица Неберджаевская (совет. архив);

АДЖИЕВ Абубакир Шарохович - 1917 г.р., Черкесская авт. обл., Кувинский р-н, аул Сторо-Новенск (Старо-Кувинск) призван 3.02.1940г., похоронен Белостокская обл., в 1,5 км. Юго-Восточнее города Кнышин в лесу на перекрестке дорог (совет. архив);

АДЖИЕВ Хамит Магометович - 1917 г.р., старший сержант помкомвзвода, стрелок 622 сп., Ордж. край, Черченский р-н, пропал без вести 13.06. 1942г село Песчанное, Старо-Самойловского р-на, Харьковской обл., домашний адрес село Елниш Кукун (Инжи-Чукун) (совет. архив);

АДЗИНОВ Ромазан Саидович - 1919 г. р., Ордж. край, Черкесской авт обл., Кувинский р-н, убит 21 апреля 1943 г., похоронен Краснодарский край, Новороссийский р-н, с. Мысхако, жена Куля Михайловна (совет. архив);

АЙСАНОВ Котта - 1910 г.р., аул Пеги, Став. край, убит 20. 09. 1943г. похоронен г. Лубны, жена Айсанова, дом адрес а. Пагиш (Псыж);

АЙСАНОВ Шура - 20.07.1918г. р., абазинец, отец Мажид, фамилия матери Эркенов, взят в плен 16. 07.1941г., в Бердитч, умер 14.06.1943 г. дом адрес Ордж край, Мало-Карачаевский р-н, Кисловодски, деревня Красновосточная, Шамахан (немец. архив);

АКБАШЕВ Исаак Линанбаевич - 1913 г. р., Ордж. край, Черк. авт. обл, Иконхалковский р-н, жена Шахаджан Кучуковна, а. Псаучья-Дахья, погиб 5.03.1943 г. сл. оск. ранение черепа с повреждением мозга (совет. архив);

АЛАКОЕВ Татлустин Нануевич - 1925 г. р., г. Крупской, Гражданское Кладбище/Григорръевка/ Братская Могила №6; в списке похороненых на территории Червоногвардейского р-на, г. Макеевки (совет. архив);

АЛТАДУХОВ Абдулак Аминович - мл. лейтенант, пилот 2-го санитарного авиаполка, а. Эрсакон, Кувиженский район, Черк. авт обл., Ордж край, умер 7.05.1943 г. в госпитале г. Рассказова, после тяжелого ранения.

25.04.1943 г. ударом винта работающего мотором самолета С-2 по голове, на аэродроме Рассказова при выполнения боего задания. Был холост. Отец Алтадухов Алим (Амин) проживает в а. Эрсакан, Кувиженского района, Черк. авт обл., Ордж края. Похоронен на кладбище г. Расказова, Тамбовской обл., (совет. архив);

АПСАВ Амарби Галевич - 1904 г. р., деревня Кубина, Черкесская АССР, взят в плен 24. 07. 1942 г. в городе Ростов, национальность черкес, есть фото, убит 12.01.1943г., жена Апсова Кырымхан (немец. архив);

АРДАКОВ Наги (Нани) Магомедович - 1893 г. р., село Хабез, Став. край, Хабезский р-н., убит 30. 09.1943г., похоронен на берегу реки Кубань, Краснодарского края, жена Ардокова Хаим Ардрах-мановна, с. Хабез, (совет. архив);

АСЛАНОВ Эдык Заракосович - 1916 г. р., Ордж. край., ЧАО; Иконхолский р-н., а. Н-Хумаринский, убит 18.02.1942 г., в с. Богдановск, Харьковской обл., похоронен в с. Богдановск, жена Асланова Алимат, а. Псыж. (совет. архив);

БАКОВ Хасанг Патович - 96 батальон, дата смерти 5.03.1943 г., умер от сыпного тифа, похоронен в Сталинградской обл., г. Краснояр (?);

БАЛОВ Хасан Асхадович - лейтенант, командир радио взвода ПДО, стр. полка., 1908 г. р., Ордж. край, Черк авт обл., Хабезовский р-н., а. Хабез, убит в бою в 6.07. 1944 г. похоронен мест. Пентупа Витебзская обл., жена Тхагапсова Леля Алиевна. (совет. архив);

БАРАННИКОВ (Борануков) Ахмед Айсович - 1901 г.р., гв.красноармеец, а. Зеюка, Хабезский район, Черк. авт. обл., Став. кр., убит -6.02.1945 г., похоронен Польша, Воеводство Краков, Повят-Бельско, весть-Чеховице, жена- Баранникова Мин (сов. архив);

БАРАНУКОВ Хаджибекин Хаджибикович - 1906 г.р., воинск. часть - подр. 98/82, дата ранения -6.06.1942 г., умер- 21.06.42 г., похоронен- г. Сталинград, Ворошиловский район (сов. архив);

БАТЫШЕВ Якуб Джунусович - 1914 г.р., с. Зеюка, Ордж. край, Черк. авт. обл, Хабезовский район, сержант, ком. отделения, убит при выполнении задачи -8.12.1942 г., на - о/ив пункте погребения, жена -Батышева Зурьет Хамиевна (сов. архив);

БЕКОВ Мазен Муратович - 1919 г.р., а. Инжич., Орджоник. кр., умер от ран 10.11.1944 г., 55 отделение медико-сапнитарного батальона, похоронен - деревня Эркень, кладбище (Венгрия), жена - Секова Хуха, прожив. -с. Минжичишко (Инжичишхо) (сов. архив);

БЕРЕСЛАНОВ Аслангери Асландиевич -1920 г.р., гв. старш. сержант, помкомвзвода, Черк. авт. обл, Став. край, Иканхельский район, аул Инжичашка (Инжичишхо), убит в бою - 24.08.1944 г. в районе дер. Чадирь Малдав ССР, мать - Боресланова И.А. (сов. архив);

БОКОВ Исак Аджишович - 1913 г.р., а. Жако, ЧАО, Ордж. край, убит -15.02.42 г., с. Богдановка, похоронен тамже (сов. архив);

БЫКОВ Исхан Мухамедович - 1916 г.р., Черк. АССР, а. Залека (Зеюко), убит - 2.11.1942 г., гора Кочканова Краснод. края. (сов. архив);

ВЫКОВ Биял Обыч (?) - 1908 г.р., поступил 30.03. 1943 г., умер 31.03.1943 г. в 11-00, №истор.бол 742, травм. ампутация левого..., похоронен городское кладбище Крапоткина (сов. архив);

ГОГУШЕВ Исхак Салекович - 1914 г.р., Ордж. край, аул Али-Барду, Хабезовский район, убит -12.09. 1943 г., похоронен - хутор Попутный, межевского района Днепрорпетровской обл., мать - Гогушева Хана Исуровна (сов. архив);

ГОШОКОВ Михаил Ханохович - 1914 г.р., Черк. авт. обл, Эконхальский район, село Адыгей-Хольн (Адыге-Хабль), лейтенант, убит 5.04.1944 г., похоронен - станица Раздельная, Одесской обл., жена -Боранунова (Боранукова) Мац Алиевна (сов. архив);

ГУКЕМУХОВ Кашиф Кирибекович - 1904 г.р., Микоян-Шахарский район, село Хашура (Хумара), убит - 6.02.1944 г., похоронен- 25, 4 ряд, 3-ий с юга, тамже м 37, (Алемат Енус) (сов. архив);

ДАРОВ Ибрагим Жандарович - 1907 г.р., Ставр. край, Черк. авт. обл, Кувинский район, дом. адрес - село Рисакон, убит - 22.02.1945 г., труп оставлен на вражеской терр., село Барт Чехословак, жена- Дарова Хади (сов. архив);

ДАУРОВ Аюб Махометович - Ордж. край, Черк. авт. обл., а. Хабез, гвардеец, шофер, убит осколком мины, похоронен - Лен. обл., Мстинский район, дер. Борки, мать -Даурова Маслиэват Иясовна (Муслимат Ильясовна) (сов. архив);

ДЕШАКОВ Аюб Харунович - 1916 г.р., ст. сержант, ком. отделения, Став. край, Черк. район, убит -5.03.1945 г., похоронен - юго-восточнее окрайны село Херцоговальдаву, севернее 200 метров кирпичного завода Силезия, жена-Дешакова Геша, село Вахожилье (сов. архив);

ДЖАНДОЛИРОВ Махмуд Павлович - 1902г. р., гв. красноармеец, стрелок, Черк авт обл., Хабез-ский р-он, с. Каш-Хибал (Кош-Хабль), призван в 1942г., Хабезским РВК., убит 8.05. 1945 года, похоронен зап окрайна, с с. Заставка, Чехословакия, жена Загира Асмановна Джандимирова. с Кох-Хибал, (сов. архив);

ДЖАНТИМИРОВ Аликсандр - 11. 09., Ордж. край, Черноватской (Черкес-ской) обл., Хабаровный (Хабезский) р-н, д. Зеюко, убит 24.08 1942 г., в лесу южнее дер. Фомино 1,5 км., Барутинского р-на, Смоленской обл., похоронен в лесу южнее д.Фомино, на 2 км того же р-на. (сов. архив);

ДЖЕГУТАНОВ Джагафаров - 1900 г. р., убит 31.01. 1942, село Петропавловка, Днепропет-ровской обл., ордж край., Микояновский р-н., а. к-Мостовской, (сов. архив);

ДЖУГАТАНОВ Хаан (Хасан) Хрсупович - 1908 г. р., Ордж. край., Карачавская обл., Микояновский р-н., а. Хумера, убит в бою 23. 08.1943г. в р-не д. Ботнике, Пр. 811 СП 151 извещение выслано 26. 08. 1942 г., похоронен в Братской могиле в р-не д. Высокого Молодо-Тудского р-на., Калининской обл., жена Джугатанова Цуцу Батовна, а. Хумера (Хумара) (сов. архив);

ДИШЕКОВ Мухамед Хаджимурзович - 1920 г. р., Черкесская обл., Хобетский р-н., с. Хобет (Хабез), разведчик, убит 7. 04. 1945 г., в бою; похоронен на гражданском кладбище с. Ценковци, в Харватии, Югославия, (сов. архив);

ХОБАГОВ Абдул Аслайбакович - 1910 г.р., Черк авт обл., Хабуовского района, убит 21.08. 1943 г., похоронен Юго-Восточная окрайна, Словяновского р -на, Сталинградской обл., жена Хобахова Асят Шухабиновна, д. Хабез, (сов. архив);

ДОКУМОВ Умар Матович -1916 г. р., осколочное ранение в/з правого предплечья п/з правого плеча с повреждением, умер 12. 04. 1944 г., похоронен Одесская обл., Цебрановский р-н, с. Катарцино, у здания вет лечебницы 200 м., от здании больницы, могила № 1 справа 6, жена Докумова Мансалина, с. Мало-Абазанка. (сов. архив);

ДУГУШЕВ Узеир Тамбиевич - 1896 г.р., национальность черкес, взят в плен 2. 07. 1942г., в г. Старый Оскол, д. Ново-Хумаринский, умер 12. 01. 1941г. (немец. архив);

ДУМАНИШЕВ Абикар Анневич - Ордж. край. Хетхабульский (Кош-Хабльский) сельский совет, убит 4.05. (сов. архив);

ДЫШЕКОВ Давид Бесланович-1909 г. р., Черкесская обл., минометчик, ранение 3.04. гноиный энцифолит, жена Дышекова Анна, Бесалан (Бесленей) (сов. архив);

ДЫШЕКОВ Хадир Аюбович - 1916 г. р., а. Заюка, ст. сержант, командир отделения, убит 28.02. 1942, похоронен на Братском кладбище с. Буденовка, жена Тот Амдульковна, (сов. архив);

ДЮШЕНОВ Адыгерь - 1914г. р., Черасская обл, Экунхалковский район, а. Бесиений (Бесленей) убит 2. 05. 1944г., Братская могила, Южная окрайна деревни Сословиче, Туженского района, Волынской обл.,

ЕГАВ (ЕЗАОВ) Хамзан Патович - 1912 г.р., Черк авт обл., Хабезовский р-н, а Али-бердук убит 27.07. 1942 г., похоронен - Дон кр. Яр. (сов. архив);

ДЕРЕВ Магомед Мурзович - 1914 г.р., Черк. авт. обл., Никонхальский р-он, аул Интишико, убит 29.02.1942 г., Дон кр. Яр. (сов. архив);

ЗАМИХОВ Айса Канамат - 190.(?), Ордж кр., Хабисский, Алыбедыковского, убит - 9.12, похоронен п-г Ржев (сов. архив);

КАБАРДАЕВ Тагир Мазанович - похоронен хутор Недвиговка (сов. архив);

КАТЫЖЕВ Джиба Бекович - 1902 г.р., дер. Ельбурган, взят в плен, Сталининград 26.07.1942 г., умер -15.09.1942 г. (немец. архив);

Карбонов (Карданов) Ибрагим Абдулахович -0 1924 г.р., Черк. авт. обл, Инхолковский р-он (Икон-Халкский), погиб- 10.11. 1943 г., похоронен западнее хутора Джанкой 700 метров Каланковского р-на Крымской АССР в могиле №10, отец- Кардонов Абдулах Магометович, село Аубедини (возможно Бесленей) (сов. архив);

КАРДАНОВ Нух Асамбакович - 1921 г.р., Хабезский р-он, Ордж. край, дер. Малозеленчук, отец-Асанбек Асанбиевич (сов. архив);

КАРДАНОВ Шахим Тазартуховский (?) - 1904 г.р., взят в плен 13.07.1942 г., Старобельск, умер 22.01.1943 г., есть фото, жена Карданова Хаджит, дер Абсула (немец. архив);

КЕТОКОВ Нух Шуссатович - 15.05.1895 г.р., Ордж. край, аул Вако Жиле, взят в плен 1.08.1942 г., г. Армавир, умер 18.12. 1942 г., Кетокова Влюца Капланович, мать- Гедегушова (немец. архив);

КЕДАКОЕВ Яхя Тугатанович - аул Сакижино ЧАО Ордж. край, убит -21.01.1942 г. с. В.-Камышевска, Шеваха петров р-на Харьковской обл. (сов. архив);

КИРЖИНОВ Пшинан Ашхатович - аул Заюка, Черк. авт обл, Хабезский р-олн, убит -25.09.1942 г., под городом Ржев Калинингской обл., дпохоронен там же (сов. архив);

КИШЕВ Инус Ходилов - 1921 г.р, Ордж. край, аул Совчадахи (Псаучье-Дахе), умер - 9.09.1942 г., дизентерия, ампутац. культя правой ноги, сепсис, похоронен - Пенза, Мироносинское кладбище, мать- Кишева Фантаус (сов. архив);

КИЯБИШЕВ Нух Канжаул - мл. сержант, пулеметчик, 1917 г.р., Ордж. край, Черк. авт. обл., брат-Киябишев Хъиц, село Шабезовка (возможно Хабез или Али-Бердуковский) (сов. архив);

КАБЛЕВ Исмаил Савидович- 19154 г.р., Черк. авт. обл., убит -18.11.1944 г., похоронен -село Герембель Мишколецкого уезда, Венгрия, жена- Каблева Гашенаго Чемботовна, с. Ново-Хамаринское (сов. архив);

КОЙЧЕВ Бекмузас Алифович - гв. старший сержданг, 1921 г.р., Став. край, Черк. авт. обл, с. Эльборган, 19.01.1944 г. умер от ран, похоронен - Николаевская обл, Горностаевский р-он, Червоноблагодатный с.с., хутор Вербки, юго-вост. окраина, кор. №28, мать - Койчева Дохан Сария (сов. архив);

КОНОВ Умар Каздахович - 10.05.1903 г., Черк. авт. обл., Кувинский р-он, село Ерсакон, взят в плен 4.08.1942 г. в г. Армавир, умер - 3....42 г. Конова Цаца Баткировна, (немец. архив);

КОНЧИШАЛОВ Мухадим Лахович - 1908 г.р., Хабезский р-он, аул Кошхабель, убит в бою 21.03.1944 г., жена -Кончишалова Бабина (сов. архив);

КОШЕВ Эрэнджиб Индрисович - 1901 г.р., Ставр. край, убит - 17.09.1943 г., похоронен - сев-вост. горы Фурова, жена- Кошева Кинжихан (сов. архив);

КУДДАНЕТОВ Сахат Гири - 1916 г.р., Черк. обл., убит -29.09.1943 г., похоронен Сад южнее хутора Ханоков Славянского района Краснод. края, похоронен тамже, мать- Чебахан, село Песуидан (Псаучье-Дахе) (сов. архив);

КУЛОВ Асман Мусрукович - ком. автом. роты, тсарш. лейтенант, Ордж. ркайц, Икон-Хольский р-он, 1914 г.р. село Пелучедай, убит - 20.08.1943 г., похор.- кладб. дер. Диброва, Изюмского р-на, Харьковской обл. (сов. архив);

КУРДАНОВ Уижук - 1912 г.р., Черк. авт. обл., аул Эрсекоп, убит- 27.05. 1943, похоронен - Краснод. край, Крымскйи р-он, высота 121,04, жена -Паго Джибудовна (сов. архив);

ДОКУМОВ Шамаудим Шамугович - 1916 г.р., старшина, помкомвзвода, Черк. обл., аул Малоабазинский, убит 26.05.1943 г., похоронен Краснод. край, Крымскйи р-он, высота 121,04, жена - Цуца (сов. архив);

КУТКОВ Абдул Пузирович - 1919 г.р., Иканховский район, Черк. обл, аул. Баралки, убит 13.06. 1942 г., село Захаровка, Б-колодетского района Харьковкой обл, похоронен тамже,отец -Пузир Юносович (сов. архив);

КЯКОВ Шехмурза Магометович - ст. лейтенант, 1921 г.р, Ставр. край, Черк. авт. обл, а. Адын-Хабаль, убит - 28.03.1944 г., похоронен - опушка леса сев-вост. 900 метров дер. Димоново Витебского района Витебской обл., отец-Магомет Озермансович (сов. архив);

ЛАПУГОВ Абубекир Миронович - 1916 г.р., Ордж. край, Кувинский р-он, аул Эрзакон, убит - 26.06.1942 г., похоронен Дон-кр. Яр (сов. архив);

ЛАПУГОВИЧ Айда Кагович - 1900 г. р., убит 10. 01. 1943 г., похоронен с. Цибевка, (сов. архив);

(КъыкIэлъыкIуэнущ)

Зауэ тхыдэм и лъэужьхэмкIэ

Сабиитхум — лIыхъужьыцIэр

Полкхэм я къуэхэмрэ (сын полка) пионер-лIыхъужьхэмрэ я цIэхэр зауэ тхыдэм къыхощыж. Апхуэдэу, зи ныбжьыр балигъыпIэм нэмыса сабий мин пщIы бжыгъэ Хэку зауэшхуэм хэтащ. Ахэр, балигъхэм къакIэрымыхуу зэуащ икIи куэдыр хэкIуэдащ.

Зауэм хэта сабии 5-м Совет Союзым и лIыхъужь зауэлI щIыхьыцIэр къыфIащауэ щытащ.

Ахэр: Голиков Лёня — илъэс 14;
Чекалин Сашэ — илъэс 14;
Казей Марат — илъэс 15;
Котик Валя — илъэс 15;
Портновэ Зинэ — илъэс 15.

Абыхэм я лIыхъужь щIыхьыцIэхэр хуагъэфэщэжащ дунейм ехыжа нэужь. Арами, а цIэхэр, ахэр зеяхэм зэрахьа лIыгъэм теухуа хъыбархэр тхылъхэм кънащ, тхыдэм къыхэнащ. Ахэр жылагъуэм къытхэтщ ену сабийуэ, ену ныбжьыщIэу.

Хьэхэри — фронтым

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм Дзэ Плъыжьым и сатырхэм хэту фронтым Iутащ хьэ мин 60-м щIигъу. Ахэр пощтзехьэуи, уIэгъэ хъуа сэлэтхэр зэуапIэхэм къыIуалъэфуи, плъыруи зауэм хэтащ. Уеблэмэ, лагъымыр кIэращIэмэ, бийм и танкым ираутIыпщу, езы хьэхэри хэкIуадэу, ауэ сэбэпышхуэ сэлэтхэм къахуэхъуу щытащ.

1941 гъэм и шыщхьэIу мазэм Черкесск областим, Зеленая брамэ Iэхэлъахэм, гъунапкъэхъумэ зауэлIхэм ящIыгъуу я хьэхэри фашистхэм ебгъэрыкIуащ.

Сыхьэт ныкъуэм къриубыдэу

Сыхьэт ныкъуэм къриубыдэу бийм и танк 22-рэ зэхакъутащ. Къапщтэмэ, танк зэхэуэу сыт хуэдэ щыIами, мыр зыхуэбгъэдэн щымыIэу гуащIэу, ауэ гуащIафIэу екIуэкIа зэпэщIэтыныгъэу тхыдэм хыхьащ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэр зэуапIэм щызIэригъэхьащ е 1-нэ танк дивизэм хэта лейтенант нэхъыжь Колобанов Зиновий и «КВ» танкымкIэ бийм пэщIэту.

1941 гъэм шыщхьэIум и 20-ращ а тхыдэ зэхэуэр къыщыхъуар. Танки 5 нэхъ мыхъу, Колобановым и ротэм бийм кIуапIэ иримыту зэхуищIын хуейт Ленинград хуэкIуэ гъуэгуищ. Зэхэуэ гуащIэр щIидзэри сыхьэт ныкъуэ текIа къудейт, нэмыцэхэм танк 43-рэ щыхэщIам. Абы щыщу 22-р Колобановым и танкым хигъэщIат.

Гинессым рекордхэм и Тхылъым иратхащ а лIыгъэ къызэрымыкIуэр икIи къыхагъэщащ зауэу щыIам я нэхъ бэлыхьу а зэхэуэр зэрыщытар, бийм и техникэу хагъэщIамрэ ар зэрахузэфIэкIа зэман кIэщIымрэ елъытауэ.

Ари жыIэпхъэщи, зэхэуэ нэужьым, Колобанов Зиновий и танкым биишэ хьэлъэм къытридза дамыгъи 114-рэ телъащ.

Заводхэр ягъэкуэшащ

Хэку зауэшхуэр къежьэри, илъэс ныкъуэм къриубыдэу къэралым и завод минрэ ныкъуэрэ ягъэкуэшащ.

Нэмыцэ-фашистыдзэр гъунэгъу зыхуэхъу, лъэрыщIыкIыр къызыхуахьынкIэ хъуну къалэхэм деж ди дзэхэр бийм тыншу ебгъэрыкIуэфын папщIэ, фронтым пэгъунэгъуу псэу цIыхухэри, къэрал мыхьэнэ зиIэу а хэгъуэгухэм ит завод, Iуэхущ1апIэхэри къуэкIыпIэмкIэ ягъэIэпхъуэн хуейт.

АтIэ, тхыдэм къызэрыхэщыжщи, зауэм ипэ илъэсхэм нэмыцэр хуабжьу зэгъэпэщауэ, лъэрыхьу ди дзэхэм къебгъэрыкIуэт, ехъулIэныгъэхэри яIэт. Абы къыхэкIыу, махуэ къэс, сыхьэт къэс къагъэсэбэпу, гъэIэпхъуэн Iуэхур щIэгъэхуэбжьэн хуей зэрыхъуар хьэкът.

МафIэгу зэкIэрыщIахэр махуэ къэс гъуэгу техьэт. Дэтхэнэри оборудованэкIэ, цIыхукIэ гъэнщIат, щхьэж и гъуэгу гъэнэIуати, абы ирикIуэт. Апхуэдэу, 1941 гъэм, мэкъуауэгъуэ мазэм икIэхэм щегъэжьауэ дыгъэгъазэм нэгъунэ Поволжьем, Уралым, Къухьэпэ Сыбырым ягъэкуэшауэ щытащ промышленнэ Iуэхущ1апIэ 1500-рэ.

Абыхэм ящыщу языныкъуэри а здаша щIыпIэхэм щылажьэ предприятэшхуэхэм хагъыхьэжат, языныкъуэми увыпIэ щхьэхуэ хухахти, абдеж пIалъэкIэ щрагъэувыкIт.

ЛIыхъужь нэхъыжь дыдэр

Совет Союзым и лIыхъужь нэхъыжь дыдэу къалъытэу тхыдэм хатхащ Псков областым къыщыхъуа, илъэс 83-рэ ныбжьым иту фашистхэм япэщIэувэфа Кузьмин Матвей Кузьмич.

1942 гъэм Матвей Кузьмич нэмыцэхэм я гъуэгугъэлъагъуэу, бий подразделенэр гъуэгу нэпцI тришащ. И къуэрылъху цIыкIу Вася красноармейцхэр здыдэс гъунэгъу жылэм хъыбар яригъэщIэну иунэтIащ. ЩIалэ цIыкIур а къалэным пэлъэщащ: жылэм нэсщ, ди зауэлIхэм хъыбарыр яжриIэри, фашистхэр щынэсым хьэлэчыр къыхуахьащ.

Езы дадэр, Матвей Кузьмич нэмыцэ офицерым къиукIащ. Дадэ хахуэр къуэшыкхъэм щыщIалъхьэжащ. Кузьмин лIыхъужьым и лIыгъэр, Сусанин Иван и лIыгъэм хуэдэр, Малкинскэ лъагапIэм фэеплъ нагъыщэкIэ щагъэнэIуащ.

Зыгъэхьэзырар ТУАРШЫ Ирэщ
(КъыкIэлъыкIуэнущ)

МафIэс шынагъуэншагъэ

КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэм защыхъумэныр

Къэрэшей-Черкес Республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм къахь зэраныр гъэкIуэдыжынымрэкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ щыIэ Комиссэм и зэIущIэ екIуэкIащ хэгъуэгум и Правительствэм и вице-премьер Суюнчев Мурат и унафэм щIэту. КъаIэтащ цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ ахэр мыхъумыщIагъэхэр къыщыхъеи лъэхъэнэм хуэгъэхьэзырынымрэ япкъ ит упщIэхэр.

Зытепсэлъыхьа япэ Iуэхуу щытащ Урысей Федерацэм и МЧС-м республикэм щиIэ къулыкъухэр гъатхэ-гъэмахуэ мазэхэм къэхъеи мафIэсхэм я пIалъэм зэрыхуэхьэзырым теухуар. Къэрэшей-Черкесым щIыуэпс хэкIыпIэхэмрэ экологиемрэкIэ и министр Кочкаровэ Дианэрэ Урысей Федерацэм и МЧС-м республикэм щиIэ къудамэм и унафэщIым и къудзэ Кравченко Сергейрэ хэIущIыIу ящIащ мэз, губгъуэ мафIэсхэр къэмыгъэхъунымрэ ахэр гъэункIыфIыжынымрэ яхуэгъэзауэ зэрахьэ Iэмалхэр. Къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэми утыкум кърахьащ мафIэс шынагъуэ щыщыIэ лъэхъэнэм зэрызыхуагъэхьэзыр планхэр.

Зэпсэлъэныгъэм къыпэкIуахэмкIэ унафэ къахьащ къулыкъупсэ лэжьакIуэ гупым къызэрымыкIуэ IуэхугъуэхэмкIэ республикэ къулыкъухэр мафIэсхэр къыщызэщIэнэ, псыдзэхэр къыщежьэ зэманым зэрыхуэхьэзырыр щIиплъыкIыным теухуауэ. ЩIыуэпс хэкIыпIэхэмкIэ, мэкъумэш хъызмэтымкIэ Министерствэхэм, МЧС-м я нэIэм щIагъэтынущ мафIэс шынагъуэншагъэр зэрыгъэпсар, мафIэс къэмыгъэхъуным хуэунэтIа щытыкIэр зэрагъэлажьэмрэ абы къыхуезыджэ агитационнэ лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIымрэ. Муниципалитетхэм я Iэтащхьэхэм псынщIэу къызэрагъэпэщынущ шынагъуэншагъэ гъэпсыкIэхэр, къагъэсэбэпынущ добровольнэ мафIэсгъэункIыфI гупхэр. ЩIагъэхуэбжьэнущ мафIэс шынагъуэншагъэм епха лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIым хуэгъэза нэIэр.

ЗэIущIэм хэтахэр ирипсэлъащ 2025 гъэм и псыдзэ пIалъэм къулыкъухэр зэрыпежьэм. И гугъу ящIащ псыдзэхэм къахь хэщIыныгъэхэр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ мащIэ зэращIынум. Хэхауэ гулъытэ хуащIащ къэрал унафэщI къулыкъухэмрэ муниципалитетхэмрэ зэдэгъэлэжьэным.

Къэрэшей-Черкесым щыщIагъэхуэбжьэнущ псэупIэ фондым мафIэсхэр къыщымыгъэхъуным хуэгъэза лэжьыгъэр. Сабигъуэм и Илъэсипщ1ым и планымрэ сабийхэм я комплекс шынагъуэншагъэм и Стратегиемрэ 2030 гъэм нэгъунэ гъэзэщIэным и къэухьхэм иту, зэкIэлъыкIуэу щIаплъыкIынущ сабий куэд зэрыс, социальнэу мыхъума унагъуэхэм я щыIэкIэпсэукIэр, ягъэувынущ мафIэсым и чэзум гу лъызытэу абыкIэ хъыбархэр хэIущIыIу зыщI автоном Iэмалхэр, зэрагъэзэхуэжынущ хьэкухэр, гъуэз кIуапIэхэмрэ электрооборудованэмрэ. Апхуэдэу, нэхъ жыджэру хъыбарегъащIэ Iэмалхэмрэ социальнэ зыпыщIэныгъэхэмрэ къыщатынущ цIыхухэр мафIэс шынагъуэншагъэ Iэмалхэм зэрыщахъумэ, зэрыхуагъэхьэзыр чэнджэщхэр. Мы Iуэху псори ягъэзэщIэнущ 2027-2030 гъэхэм нэблагъэ пIалъэм къриубыдэу.

Абы къинэмыщIауэ, зэIущIэм щыхэплъащ республикэм щызэфIэувэнкIэ хъуну къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм къахь зэраныр гъэкIуэдыжыным трагъэкIуэдэну мылъку хэкIыпIэхэм я гъэтIылъыгъэхэр угъуеиным хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэм. Абы щIыгъуу ирипсэлъащ зэхашэну турист Iуэхухэм Урысей Федерацэм и МЧС-м и щIыналъэ къулыкъухэр зэрыщагъэгъуэзэну щIыкIэм.

ПАЩIЭ Хьэдис

Музей

БлэкIам и фэеплъу

Гъущ1 ахъшэ зэхуэхьэсынымкIэ «ЩIэблэ арэзыхэм я фIыщIэ мыкIуэщIыр» зи фIэщыгъэ1э акцэр республикэм щыпсэухэм къахузэригъэпэщащ Байчоровэ Марие и цIэр зезыхьэ, тхыдэ-щэнхабзэ, щIыуэпс музей-къуэдмэзым.

Абы хэтахэм яхуэзфIэкI къамыгъанэу мы Iуэхуфl ым хэлъхьэныгъэ хуащIащ.

Зэхуахьэса ахъшэр фэеплъым и зы Iыхьэщ, абы къегъэлъагъуэ Хэку зауэшхуэм и фэеплъыр хъумэнымкIэ псоми ди зэхуэдэ къалэныр зэрыдгъэзащIэр.

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид мы проект гъэщIэгъуэныр игу зэрырихьар къыхигъэщу жиIащ щIалэгъуалэр хэкупсэу, къэралым и блэкIам пщIэ хуищIу къэгъэтэджынымкIэ апхуэдэ хьэрычэтыфIхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

Езы музей-къуэдмэзым и лэжьакIуэхэри акцэм хэтати, я гуапэу хэлъхьэныгъэ хуащIащ совет сэлэтым лIыгъэу зэрихьам теухуауэ къагъэщIа фэеплъым.

ЛЫХЬ Тимур

Цифровизацэ

КIапсэншэ интернетыр

Къэрэшей-Черкесым и еджапIэу хъуар 2030 гъэм нэс кIапсэншэ интернеткIэ къызэрагъэпэщынущ.

Апхуэдэ лъэкIыныгъэр щыIэ хъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ зэхагъэува «Экономика данных и цифровая трансформация» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ.

Мыбы ипэкIэ, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым и къэухьым къриубыдэу, Къэрэшей-Черкесым и еджапIэхэр псынщIагъэшхуэ зиIэ интернетрэ зэманым декIу бжыгъэ оборудованэрэкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ.

«Дзыхь зэбгъэз хъун, тынш, псом я нэхъыщхьэжыр аращи, шынагъуэншэу щыт Wi-Fi зэпыщIэныгъэр егъэджакIуэхэм къащхьэпэнущ я лэжьыгъэм Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къыщагъэсэбэпынымкIэ, электроннэ егъэджэныгъэ контентыр гъэлъэгъуэнымкIэ. ЕджакIуэхэми сэбэп зыхэлъ хъыбархэм бгъэдыхьэпIэ хуаIэ хъунущ. Къыхэзгъэщынщи, еджапIэ Wi-Fi программэм къыхэлъытащ сабийхэм яIэрыхьэну хъыбархэр пэж дыдэу, къыздикI щIыпIэр щIэплъыкIауэ зэрыщытынур. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм ди сабийхэр хъыбар мыхъумыщIэхэм ящихъумэнущ.

Шэч къытесхьэкъым, щIэныгъэщIэ зэгъэгъуэтынымкIэ, зэфIэкIым хэгъэхъуэнымкIэ кIапсэншэ интернетыр ди еджапIэхэм лъэкIыныгъэ лъэщ зэрахуэхъунум. Си фIэщ мэхъу электроннэ егъэджэныгъэ ресурсхэм, интерактивнэ егъэджэныгъэм, интернетым и нэгъуэщI лъэкIыныгъэхэм ди щIыналъэм деж егъэджэныгъэр псоми зэхуэдэу ягъэгъуэтыным, абы и фIагъым хэгъэхъуэным, сабийхэм я зэфIэкIымрэ зэчиймрэ зиужьыным зэрыщхьэпэнур. Ди егъэджакIуэхэми егъэджэныгъэ IуэхумкIэ ар дэIэпыкъуэгъушхуэ яхуэхъунущ», — жиIащ республикэм и лIыщхьэ Темрезов Рэшид.

Ди корп.

Узыншагъэр хъумэн

ГъащIэм узыщыхуэзэ телъыджэхэм ящыщ зыщ сабийр дунейм къытехьэныр. Псом хуэмыдэу анагъэ зыхэзыщIа бзылъхугъэм и насыпым и куууагъыр мардэншэщ. Ауэ щыIэщ а хъуэпсапIэм узэрыхуэкIуэ гъуэгур щынашэкъашэ. Бзылъхугъэхэм я узыншагъэм кIэлъыплъынымкIэ дэIэпыкъуэгъу лъэщщ акушер-гинекологхэр.

Нобэ и гугъу тщIыну дыхуейщ илъэс 30-м нэблэгъауэ бзылъхугъэхэм я узыншагъэм кIэлъыплъынымрэ анагъэ насыпыр зыхегъэщIэнымрэ хуэгъэзауэ лажьэ, КъЧР-м ЩIыхь зиIэ и дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, республикэм и перинатальнэ Купсэм хэт чэнджэщ-диагностическэ поликлиникэм и унафэщI БОРСЭ Фатимэ РэIуф и пхъум.

Бзылъхугъэ насыпым и лъагъуэхэш

Балигъ ущыхъуа зэманым IэщIагъэ пхуэхъунур къыхэхынымкIэ уи щхьэ къыхуэпхьыж унафэм куэдкIэ елъытащ уи гъащIэ псор зэрыбгъэкIуэнур. ФIыуэ плъагъу Iуэхур къыхэпхамэ, шэч хэлъкъым абы нэхъри удихьэхыурэ зэрыкIуэнум. Борсэ Фатимэ дохутыр Iэщ1агъэр къыхэхыным куздрэ егупсысакъым. ЕджапIэр дыщэ медалкIэ къэзыуха пщащэм триубыдащ медицинэм, икIи зэи абы хущIегъуэжакъым.

— Сэ совет зэманым сыхиубыдащ. Апщыгъуэм хъыджэбз цIыкIухэм папщIэ пщIэ зиIэ IэщIагъэу ялъытэр дохутырымрэ егъэджакIуэмрэт. Си адэри арат зыщIэхъуэпсыр. Си анэр медицинэм и лэжьакIуэт. Черкесск къалэм дэт уз зэрыцIалэхэмкIэ сымаджэщым куэд дыдэрэ щылэжьащ, икIи медицинэм и лэжьакIуэр зэрыщытыпхъэмкIэ щапхъэ зытесхын сиIащ.

Хэхауэ акушер-гинеколог IэщIагъэр къыщIыхэсхам утепсэлъыхьмэ, сэ сцIыхукъым нэгъуэщI медицинэ унэтIыныгъэ апхуэдиз гуфIэгъуэ цIыхум къыхуэзыхь. Унагъуэм сабий къащыхэхуэм нэхъ насып сыт щыIэ? Дэ, дохутыр-гинекологхэр абы и лъабжьэм дыщыту жыпIэ хъунущ. Бзылъхугъэм а насыпыр зыхищIэнымкIэ удэIэпыкъуфмэ, уи гур абы нэхъ хэзыгъахъуэ щыIэкъым, — къыддогуашэ Борсэр и IэщIагъэм хуэзыша гупсысэхэмкIэ.

А зэманым дохутыр Iэщ1агъэм ухуеджэныр хьэлъэт, зэпыубыдат. Курыт еджапIэм щIэс щIыкIэ ар зыхуеджэну IэщIагъэм зыхигъэгъуэзэнымкIэ подкурсхэм илъэскIэ зыщигъэхьэзыращ. Еджэн Iуэхум IэхъуэгъуэтегъэкIыу бгъэдыхьэу емыса бзылъхугъэм щхьэкъэIэт имыIэу игъэкIуащ а илъэсыр. Абы папщIи балл щхьэхуэ къратри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIыхьащ, ехъулIэныгъэ пылъуи къиухащ. Интернатурэми абдеж дыдэм щеджэжащ.

Фатимэ хуейт и еджэныгъэм адэкIи пищэну, аспирантурэми щIыхьэжыну. Ауэ, ищхьэ еджапIэм и ужьрей илъэсхэм унагъуэ ихьэри, зы сабии къыхуэхъуагъэххэт. Куэд темыкIыу етIуанэ хъыджэбзри къыкIэлъыкIуащ. Сабийхэмрэ унагъуэмрэ я хьэлэмэт лъыхъуэу унагъуэщIэр Черкесск къалэм къэIэпхъуэжауэ щытащ. Апхуэдэу, абы и гуащIэдэкI лэжьыгъэм 1996 гъэм участковэ дохутыру щыщIидзауэ щытащ нобэ здэлажьэ Iуэхущ1апIэм.

А пIалъэм къриубыдэу бзылъхугъэ дапщэм я узыншагъэ зэтригъэпсыхьэжа, анагъэ насыпым дапщэ хуиша?! Зи IэщIагъэм нэгъэсауэ хэзыцIыхукI, хьэрэмыгъэншэу, цIыхугъэ хэлъу зи Iуэху бгъэдыхьэ дохутырыр цIыху кIуапIэщ. Псори хущIэкъуат абы зыпэщIагъэхуэну.

— Унагъуэ уихьа нэужь, щIэныгъэри лэжьыгъэри зэдэпхьыныр хьэлъэ дыдэщ. ЩIэгъэкъуэныхуэ уиIэн хуейщ. Апхуэдэу къыскъуэтащ си унагъуэр, псом хуэмыдэу си анэр. Ауэ щIэныгъэ лэжьыгъэм яужь сыщихьэфар сабийхэр нэхъ къыщыдэкIуэтеящ. «Узыншагъэр хъумэныр къызэгъэпэщын» си щIэныгъэ лэжьыгъэри 2015 гъэм пхызгъэкIри дипломри къызатыжауэ щытащ, — къыддогуашэ Борсэр.

Медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуа дохутырым 2016 гъэм поликлиникэм и унафэщI IэнатIэр къыхуагъэфэщащ. Абы бгъэдэлъ щIэныгъэми и Iуэху зехьэкIэми шэч къытрыуагъыхьэтэкъым а псори зэрызэкIэлъигъэкIуэфынум. Араща зэрыхъуари: къалэну мыбдеж щигъэзащIэм куэдкIэ къехъуами, псори зэфIегъэкI, Iуэхугъуэ гугъуэхэр асыхьэтым зэпкърехыф.

ЗэрыцIыкIу лъандэрэ еджэнымкIи и дуней тетыкIэкIи нэгъэсауэ щытын хуейуэ къэзылъытэ бзылъхугъэм и хьэлыр псыхьа зэрыхъуари, къыхуэува Iуэхухэр сытым дежи къимыкIуэту зэригъэзащIэри кыщежьэу жыпIэ хъунущ и адэм деж. Ар адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ, къэзылъэтыхь аппаратхэм я инженер-ухуакIуэ, техническэ щIэныгъэхэм я кандидат, профессор Борсэ РэIуфщ. КъинэмыщIауэ, республикэм щыцIэрыIуэ и адэшхуэ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, зауэ нэужьым Адыгэ-Хьэблэ, Хьэбзэ районхэм унафэщI IэнатIэшхуэхэр щиIыгъыу щылэжьа Шыбзыхъуэ МутIалиби и щапхъэу къызэрытэджар къыхегъэщ. ЦIыхум и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа Шыбзыхъуэ МутIалиб и фэеплъ сыныр ноби дэтщ Хьэбзэ къуажэ щыIэ зыгъэпсэхупIэ щIыпIэм.

— Си насып къихьащ акъылышхуэрэ хьэрычэтрэ зыхэлъа нэхъыжьыфIхэр къысщхьэщыту сыкъэхъуныр. Ахэр лъэпкъым и цIыху щыпкъэщ. Шэч хэлъкъым, ар си гушхуапIэщ! АкъылыфIагъкIи хьэл-щэнкIи абыхэм деж сыкIуауэщ къызэрысщыхъур.

Си адэм сыт щыгъуи жиIэу щытащ: «Фи щхьэ вгъэсэж, и кIэм деж фи сабийр зэрыхъужынур фэ фызэрыщытым хуэдэ къабзэщ» жэуэ. Си гъащIэм сриплъэжмэ IупщIу хызолъагъуэ си адэм и дуней еплъыкIэм, и щытыкIэм сэри сызэрытетыр. Ар езыр егъэджакIуэ лъэщу, Къэрэшей-Черкес техническэ институтым илъэс 39-кIэ щылэжьащ. Диущийт сытым дежи: «Зэи зымкIи умылъаIуэ, зэи зыми уримытхьэусыхэ. Зыгуэрым уемылъэIуу уэ пхузэфIэкIынращ узыпэрыувэн хуейр. Унафэ къэпхьагъыххэмэ, абы утемыкIыу икIэм нэгъэс» къыджиIэт. Апщыгъуэм зыгуэрхэр къызгурымыIуэу щытами, иужькIэ хьэкъсщыхъуащ абы къызбгъэдилъхьа гъэсэныгъэр си гъащIэ псом къызэрыздэIэпыкъуар — сыщеджэми, сыщылажьэми. Хьэл-щэныр — уи псалъэмрэ уи Iуэхущ1афэхэмрэкIэ жэуап зэрыпхьыжыфращ, — жеIэ Фатимэ.

Зи теплъэкIэ IэмащIэлъэмащIэ бзылъхугъэм нобэ лэжьыгъэшхуэ щызэпещIэ поликлиникэм. Абы къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэри, тхылъ Iуэхухэри, бзылъхугъэхэм якIэлъыплъынри зэпигъэукъым. ЛэжьапIэм къыщыхъу къызэрымыкIуэ щытыкIэхэри, и адэм зэригъэсауэ, зыми щымыгуфыу зэпкърех. Уеблэмэ махуэ псор хуримыкъуу, пщыхьэщхьэм и лэжьыгъэри щыпидзэж щыIэщ.

— Уи лэжьэгъуэ махуэр иухамэ, тхылъхэр зэбгъэтIылъэкIыу, бжэр хуэпщIыжу уздэкIуэжыфхэм ящыщкъым си IэщIагъэр. Мыбдеж лэжьыгъэр зэи зэпыукъым. Уеблэмэ унэм укIуэжа нэужьи, — къыхигъэщ абы.

Мы зэманым медицинэр куэдкIэ ипэкIэ кIуэтащ. Мы Iуэхущ1апIэми бзылъхугъэхэм ирагъэгъуэт Iуэхутхьэбзэхэр, кIэлъыплъыныгъэхэр куэдкIэ хэхъуащ, ефIэкIуащ. Ауэ, узытегузэвыхьын Iуэхухэри щыIэщ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, бзылъхугъэхэм сабий щагъуэт ныбжьыр зэрекIуэтэкIар, жьыуэ унагъуэ зэримыхьэр. ЦIыхур нэхъыжь хъуху уз гуэрхэр къыхуохъейри лъэщыджэ хъумэ, нэхъри уахуэсакъын хуей мэхъу. Арами, дохутырым жеIэ уэндэгъу хъуа бзылъхугъэм и узыншагъэм кIэлъыплъынымкIэ республикэм программэ куэд зэрыщылажьэр. Уеблэмэ Iуэхур нэхъ щыхьэлъэхэм дежфедеральнэ купсэхэм онлайн щытыкIэм ит зыпащIэри, дэтхэнэ цIыхуми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ иIэу кIэлъоплъ.

— Бзылъхугъэ дохутыр-хэм мыхьэнэшхуэ зыпылъ зы Iуэху иджыри ди пщэм къыдохуэ. Ар, япэу сабий зи ныбэм ихуа бзылъхугъэм адэкIэ ищIэнымкIэ гуитIщхьитI хъуауэ къыщытхуэкIуэращ. Абдеж дэ абыхэм дазэрыпежьэмрэ дызэраущиемрэ елъытащ, къэхъун зыхущIэмыхьа сабийм и гъащIэр зэрыхъунур. Зы цIыху щыIэкъым адрейм ещхьу. Зыхуэдэ щымыIэу дунейм къытохьэ дэтхэнэри. Псоми езым я насып яIэжщ. Анэ къэс допсалъэ, дэIэпыкъуныгъэу щыIэхэр наIуэ яхудощI. ИужькIэ пIалъэ ядот ящIэну зыхуейм иджыри зэ егупсысыну. Пэжу жыпIэмэ, сабийм хуэмейуэ, ягъэкIуэдыжыну жаIэу къыдбгъэдыхьахэм ящыщу иужькIэ къытезыгъэзэжыр мащIэщ. Ари ди ехъулIэныгъэхэм щыщу солъытэ, — жеIэ IэщIагъэрылажьэм.

Фатимэ апхуэдиз лэжьыгъэ и пщэм къызэрыдэхуэу и щIэныгъэм хигъэхъуэнри зэи зэпигъэукъым. «Дохутыр IэщIагъэм зэ ухуеджэу урижэныр, ауэми мыхъуну Iуэхущ. Сыт щыгъуи щIэныгъэ къэплъыхъуэн, щIэм зыхэбгъэгъуэзэн хуейщ», — жеIэ абы.

Борсэм дыщепсэлъами, абы зигъэзхьэзырт Москва къыкIэлъыкIуэу щекIуэкIыну щIэныгъэ форумым. Ар иригуфIэт и лэжьыгъэ Iуэхур зэфIэкIа нэужь, куэд щIауэ имылъэгъуа, абдеж дэс и пхъурылъху цIыкIум зэрыпэщIэхуэными…

ФIыуэ плъагъу лэжьыгъэм къарууэ къыпхилъхьэм нэхърэ зыкIи нэхъ мащIэкъым унагъуэм къыбгъэдэкIри. Фатимэ хъыджэбзитI иIэщ. ТIури щыцIыкIу дыдэм къыщегъэжьауэ сытым и лъэныкъуэкIи гугъэтыншу къэтэджащ. Музыкальнэ еджапIэри, кружокхэри, къэфакIуэ классхэри къызэранэкIащ, дыщэ медалкIэ къаухащ. Ипхъу нэхъыжь Саидэ и анэм и лъагъуэм ирикIуащ. Ар акушер-гинекологщ, Зеленоград къалэм и перинатальнэ купсэм щолажьэ.

Нэхъыщ1э Элинэ экономикэ щIэныгъэщ къыхихар. Ари Москва къалэм Кубкиным и цIэр зезыхьэ щIыдагъэмрэ гъуэзымрэкIэ институтыр ехъулIэныгъэ пылъу къиухауэ, а къалэ дыдэм и фирмэ цIэрыIуэм щолажьэ.

— Илъэсищ текIащ нанэ насыпыфIэ дыдэ сызэрыхъурэ. А гурыщIэр зэзгъэпщэн уеблэмэ къысхуэгъуэткъым. Гухэхъуэщ уи быным къащIэхъуар плъагъуныр, — и гуфIэгъуэр щIихъумэкъым Фатимэ, икIи къыпещэ, — лэжьапIэм пщэдджыжьым укIуэну ухуэпабгъэмэ, пщыхьэщхьэм унэм укIуэжыну ухуеймэ унасыпыфIэщ!

Зыгъэхьэзырар БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэщ

Участковэм и лэжьыгъэр

Бостанов Атлан Iэсхьэт и къуэр

лейтенант полиции

Телефон 8-999-490-33-29

Адрес участкового пункта полиции: Карачаево-Черкесская Республика, Урупский район, с. Курджиново, ул. Ленина, д. 110.

Часы приема граждан:

Вторник с 17-00 до 19-00
Четверг с 17-00 до 19-00
Суббота с 15-00 до 16-00

Все адреса обслуживаемого участка:

Город Карачаевск - Магометова (ул), Ленина (ул) д. 32-54, здание Мэрии, объекты и дома по ул. Чкалова до АЗС « Фотон», Байрамукова (ул) 5, Чкалова (ул), Микояна (ул) 10, Мира (ул) 2, 4.

КъЧР-м и МВД-м и пресс-къулыкъу

Контракт къулыкъу

Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу
Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.
Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. Зэрыщ1атха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIэдзэ.

Фщ1эн папщ1э:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р— мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2849 -щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графикIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ХЬЭБЭЧЫР Даринэ